

Lwa sou Lekòl ak Kominote San Dwòg (Drug-Free Schools and Communities Act)

4 fevriye 2025

Chè Manm nan Kominote Inivèsite Maryland,

Isit la nan Inivèsite Maryland, nou bay lasante ak sekirite priyorite nan kominote nou an epi nou bay etidyan nou yo, ekip nou an ak pwofesè nou yo resous yo bezwen pou yo pran angajman sa a ansanm.

Lwa sou Lekòl ak Kominote San Dwòg (Drug-Free Schools and Communities Act), Public Law 101-226 egzije pou tout lekòl ansèyman siperyè mete sou pye kèk pwogram ki la pou anpeche etidyan yo ak anplwaye yo genyen, itilize oswa distribye dwòg lalwa entèdi ak alkòl, kòm kondisyon pou yo resevwa yon èd finansye nan kad yon pwogram gouvènman an. Inivèsite Maryland mete sou pye kèk pwogram konsa.

Gid Politik ak Resous Konsènan Alkòl ak Lòt Dwòg dekri politik ak pwogram inivèsite a epi li gen enfòmasyon ki dwe distribye chak ane bay tout etidyan yo ak anplwaye yo pou fè aplike lwa sou lekòl ak kominote san dwòg la ak politik komisyon ansèyman siperyè Maryland konsènan kontwòl konsomasyon dwòg ak alkòl.

Tout etidyan ak anplwaye dwe bay anpil atansyon ak enfòmasyon ki nan dokiman sa a epi konprann Inivèsite a pran angajman pou l kenbe kanmpis la san dwòg. Tanpri, li dokiman an ak atansyon. Si gen nenpòt kesyon, tanpri rele inite Pwomosyon Sante ak Sèvis Byennèt (Health Promotion and Wellness Services unit) la nan **(301) 314-8128**.

Mèsi pou angajman nou pou kontinye kenbe kominote kanmpis nou an an sekirite.

Avèk anpil senserite,



Darryll J. Pines

Prezidan, Inivèsite Maryland